



Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE GWO PWOGRAM DEVLOPMAN MENDÈV "ON-RAMP"
POU BAY 200 MILYON DOLA POU FÒMASYON PWOFEYONÈL AK SIPÒ POU
KARYÈ NAN SEKTÈ FABRIKASYON AVANSE K AP ELAJI RAPIDMAN**

***Inisyativ Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2025 lan kreye sant fòmasyon rejyonal
atravè nò Eta a pou satisfè bezwen k ap ogmante pou travayè ki gen gwo
konpetans nan endistri fabrikasyon avanse k ap grandi nan New York la***

Gouvènè Hochul te anonse jodi a lansman pwogram siyati Yon Sèl Rezo pou Patenarya Rejyonal sou Fabrikasyon Avanse (One Network for Regional Advanced Manufacturing Partnerships, ON-RAMP) li a, yon investisman 200 milyon dola pou ede finanse ak reyalize yon rezo ki gen kat nouvo sant devlopman mendèv nan lokal estratejik ki gen gwo enpak nan Nò Eta New York ke yo te premyèman [anonse](#) nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 ke yo te Adopte a. Sant yo pral reyini endistri, inivèsite, sèvis sosyal, ak òganizasyon kominotè pou bay bon jan kalite, fòmasyon konpetans ki gen demand ak sipò konplè ki nesèsè pou bay Nouyòkè yo konpetans yo bezwen pou yo antre nan karyè nan endistri fabrikasyon avanse ki gen gwo kwasans tankou semi-kondiktè. Empire State Development te devlope epi li pral jere pwogram nan.

"Konpetitivite ekonomik New York se rezilta mendèv ekstrawòdinè nou an, k ap fè efò chak jou pou inovè, kreye ak repouse limit sa ki posib", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram ON-RAMP mwen an rasanble resous nan kominote nò Eta nou yo pou katalize investisman nan fabrikasyon – epi li deja sèvi Nouyòkè yo ak plizyè dizèn milye nouvo djòb nan endistri alavni yo k ap vini isit la nan eta nou an."

Aplikasyon pou rejyon yo dwe chwazi pou twa sant ON-RAMP anplis ak resevwa sibvansyon planifikasyon pou devlope yon biznis konplè ak plan aplikasyon ouvè kounye a sou [sitwèb ESD](#).

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Empire State Development ap fè investisman entelijan, ki gen gwo enpak ki fèt pou elaji ekonomi opòtinite pou tout Nouyòkè yo. Pwogram ON-RAMP inovan asosye bezwen endistri k ap grandi yo ke n ap atire avèk siksè nan New York ak yon mendèv n ap 'ranfòse' – ak konpetans ak fòmasyon – pou yo gen siksè nan travay demen yo."

Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare, "New York se lakay yon endistri fabrikasyon avanse k ap grandi epi nou dwe asire nou gen mendèv ki nesèsè pou ranpli djòb ki byen peye sa yo. Fòmasyon travay pou travayè sa yo pral asire New York kontinye fè ekonomi nou an avanse pou pi devan epi kontinye efò n ap fè pou atire biznis ki etabli yo ak konpayi demaraj yo atravè mond lan."

Manm Asanble AI Stirpe te deklare, "Kwasans rapid nan sektè fabrikasyon avanse New York la souliye bezwen enpòtan pou ekipe mendèv Nò Eta nou an ak konpetans ki nesèsè pou siksè. Kapasite pou rive nan kominote yo pa te neglije anvan lè yo bay sipò konplè, non sèlman ogmante kantite travayè potansyèl yo, men li bay opòtinite pou retire moun yo nan povrete jenerasyonèl yo. Mwen rekonesan anpil pou efò ki deplwaye pou pwogram 'ON-RAMP' 200 milyon dola Gouvènè Hochul la, ki pral fè yon investisman enpòtan nan fòmasyon travay pou sipòte karyè sa yo epi ranfòse rejyon nou an pou ane k ap vini yo. Avèk arive Micron nan distri a, konsantrasyon sa a sou edikasyon fabrikasyon avanse pi esansyèl pase anvan pandan n ap anbrase opòtinite ki genyen nan endistri semi-kondiktè a."

Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare, "Mwen fyè pou m di ke gras ak defans ak patenarya kòlèg mwen yo nan Delegasyon Majorite Greater Rochester a, Gouvènè a te idantifye Rochester kòm youn nan kote estratejik ki gen gwo enpak pou nouvo sant fòmasyon pou devlopman mendèv pwogram ON-RAMP lan. Antanke Prezidan Mendèv Asanble a, mwen kwè ke nou dwe priyorite devlopman mendèv kòm yon mwayen pou redwi povrete ak leve fanmi nou yo. Sa ki enpòtan, ON-RAMP pral abòde tou baryè nan travay tankou transpò, gadri, edikasyon ak lòt sipò sosyal lè li bay sèvis konplè ansanm ak fòmasyon pwofesyonèl. Se konsa nou vrèman ogmante ekite nan ekonomi nou an."

Prezidan ak Direktè Jeneral Egzekitif Jeneral CenterState, Robert Simpson, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann ke pou konpayi nou yo gen siksè ak kominote yo reyisi, yo bezwen investisman pou asire djòb fabrikasyon avanse aksesib pou plis Nouyòkè Santral yo. Pwogram ON-RAMP lan pral pote fòmasyon pwofesyonèl pou endistri ki gen gwo kwasans dirèkteman nan katye nou yo, rankontre moun yo kote yo ye a epi asire ke kreyasyon travay tradwi an yon pwosperite ki pi ekitab nan kominote nou yo."

ON-RAMP pral etabli kat nouvo sant devlopman mendèv, ki gen ladan twa yo chwazi yon fason konpetitif, ak yon lokal prensipal nan New York Santral, ki baze nan Syracuse. Pou twa sant yo chwazi yon fason konpetitif yo, finansman sibvansyon ON-RAMP lan pral kouvri:

- yon sibvansyon planifikasyon pou devlopman yon plan biznis pou yon sant ON-RAMP rejyonal;
- yon pati nan depans operasyonèl ki gen rapò ak devlopman kourikoulòm ak pwovizyon sèvis sipò pou staj; ak
- yon pati nan bezwen kapital pou renovasyon, agrandisman, ak/oswa depans konstriksyon ki gen rapò ak livrezon fòmasyon fabrikasyon avanse.

Sant ON-RAMP yo dwe etabli kòm antite totalman dirab ki pa pral bezwen sipò kontinyèl nan men ESD nan senk ane apre finansman aplikasyon yon sant.

Pami lòt prensip, chak nan kat sant fòmasyon rejyonal yo dwe:

- devlope chemen aksesib ak ekitab pou popilasyon priyorite yo;
- bay yon kourikoulòm ak modèl fòmasyon ki reflekte pwojeksyon endistri yo pou kwasans travay fabrikasyon avanse nan rejyon an;
- pwouve fleksib pou adapte sèvis yo pou satisfè bezwen endistri k ap chanje ak yon mache mondyal dinamik;
- kreye chemen karyè pou travayè nan alafwa nan nivo debitan ak mwayen kalifye pou travay dirab alontèm;
- ofri sipò konplè pou patisipan pwogram yo;
- epi swiv rezilta yo pou ede mezire siksè pwogramasyon yo.

Angajman Gouvènè Hochul pou devlope endistri semikondiktè New York la

Gouvènè Hochul te kenbe yon angajman solid pou konstwi yon ekonomi modèn nan Eta New York lè li devlope endistri semikondiktè dinamik ak inovan. An 2022, Gouvènè a te siyen lejislasyon istorik Green CHIPS pou fè New York tounen yon sant pou fabrikasyon semikondiktè, sa k ap kreye pandan l ap kreye djòb 21yèm syèk la ak lanse kwasans ekonomik pandan l ap kenbe pwoteksyon anviwònmantral enpòtan. Kòm yon pati nan Bidjè ane fiskal 2024 la, Gouvènè Hochul te asire yon envestisman 45 milyon dola pou kreye Biwo pou Ekspansyon, Jesyon, ak Entegrasyon Semikondiktè Gouvènè (Governor's Office of Semiconductor Expansion, Management, and Integration, GO SEMI) a, ki dirije efò nan tout eta a pou devlope sektè fabrikasyon pis la. An desanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse yon patenarya piblik-prive 10 milya dola – ki gen ladan 9 milya dola nan envestisman prive ki soti nan IBM, Micron, Applied Materials, Tokyo Electron ak lòt lidè semikondiktè yo – pou pote avni rechèch semikondiktè avanse nan rejyon kapital New York la nan kreye inik Sant Litografi Iltravyolèt ki Wo an NA aksesib nan endistri a, nan Konplèks NanoTech Albany an. Tout efò sa yo ap pozisyone New York kòm yon lidè inovasyon ki pare pou sipòte youn nan twa etablisman Sant Teknoloji Semikondiktè Nsyonal ki pral etabli nan kad Lwa sou CHIPS & Syans Etazini an.

New York gen yon gwo endistri semikondiktè ki sipòte plis pase 150 konpayi semikondiktè ak chèn apwovizyonman ki anplwaye plis pase 34,000 Nouyòkè. Gras ak efò Gouvènè Hochul, endistri a ap kontinye elaji atravè gwo envestisman ki soti nan biznis semikondiktè yo ak konpayi chèn apwovizyonman tankou Micron, GlobalFoundries, AMD, Edwards Vacuum, MenloMicro and TTM Technologies pou elaji prezans yo nan New York. An reyalyte, nan de dènye ane yo, konpayi pis yo te anonse plis pase 112 milya dola nan envestisman kapital planifye nan New York – plis pase nenpòt lòt eta – epi youn sou kat pis ki te fèt nan Etazini yo pral pwodwi nan yon distans 563 km nan Nò Eta New York. Pa gen lòt rejyon nan peyi a ki pral konte pou yon pi gwo pati nan pwodiksyon nasyonal la.

Semikondiktè yo enpòtan anpil pou fòs ekonomik nasyon an, sèvi kòm sèvo elektwonik modèn yo, ak pèmèt teknoloji enpòtan pou kwasans ekonomik Etazini, sekirite nasyonal, ak konpetisyon mondyal. Endistri a anplwaye dirèkteman plis pase 300,000 moun nan Etazini epi li sipòte plis pase 1.8 milyon lòt travay lokal. Semikondiktè yo se youn nan senk pi gwo pwodui ekspòtasyon Etazini, epi endistri a se premye kontribitè nan pwodiktivite travay, ki sipòte amelyorasyon nan efikasite nan prèske chak sektè ekonomik — soti nan agrikilti rive nan fabrikasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)